

Geguritan Wajib

Pituture Simbah

Dening Bambang Nugroho

Isih dak eling

Pangandikane simbah

Marang putra wayah

Pinangka wasita adi

Isi pitutur kang kapundhi

Dadi obore ati

Tekane saiki

Pituture simbah sawayah-wayah

Bisa kadhudhah isi puji pandonga

Padha dadia pawongan

Nduweni kaluwihan

Tansah migunani tumrape liyan

Bisane duwe kaluwihan

Sangune sugih ngelmu lan kandeke iman

Mula gelem taberi sinau lan ngaji

Ngelmu mono paribasane

Digembol ora mendhosol

Dibuwang ora kumrosak

Dene iman mono bakal paweh pituduh

Endi bener endi luput

Endi goroh endi jujur

Endi murang tata endi unggah ungguh

Endi menggok endi lempeng

Engga gawe slamete laku tekane kang tinuju

Geguritan Pilihan

Bebendu

Dening Budhi Wiryawan

Uncal saka kahanan kang perdi
aku ngungun, kapan bolah bundhet kuwi
bakal bisa takudhari siji-siji
sinaosa pegel ana ing driji

Para winasis ngarani lagi ana bebendu
aja pijer sambat, pintera manjing ing kahanan
ajur ajer marang samubarang kang diarani
pusering sukma, yaiku ati kang manjing
ing pucuking menep, sareh lan semeleh

Ayo uncalna aku ana ing kedhunging bebendu
bakal tak cawuk obahing banyu
bakal takombe seseping madu
lerena ana ing kene bebendu
kanthi rena ing ati kebak ing pangrupi

Geguritan Pilihan

Bangsa Cubluk

Dening Eko Nuryono

ing wektu iki, jaman edan kewolang-wolang
akeh manungsa padha kapilut ombyaking swasana
sumelang keru ing jaman banjur padha rebut maju
ananging nora beda belo melu seton
akeh kang ora mangerti, akeh kang padha lena
kalimput ing manising rasa kang sawetara
nora waspada banjur lali marang kapribaden

lamun bangsa liya padha taberi sinau
munggahe banjur ngakoni
ya ing wektu kuwi banjur padha gita-gita
padha rebut biyada, rumangsa handarbeni
: ananging datan nguri-uri

Geguritan Pilihan

Becik Andhap Asor

Dening Nini Klenyem

Aja kepengin dadi lintang lan rembulan

Yen ta ora bisa aweh pepadhang

Becik dadia lilin nadyan urub sapelik

Urupmu bisa dadi kurban

Madhangi wong kang lagi kepetengan

Aja kepengin dadi samodra

Yen nyatane ora duwe ombak

Luwih becik dadia uyah

Nadyan mung sajimpit aweh rasa

Piguna tumrapping ngaurip lan sesame

Geguritan Pilihan

Kemadu Gunung Prau

Dening Iman Budhi Santosa

Ing selane eri bebondhotan
ana tuwuhan menjila. Godhonge ijo gilap
suwalike semu putih, ijen tanpa rowang
jempalikan diwolak-walik angin
semut walang padha nyisih
kinjeng iber-iberan ngadoh
golek papan liya mangun karon-sih

Leluhur tanah Jawa wis damang. Arane kemadu
adhine ingas, kakangne rawe
sajege ngingu lugut marakake dadi gawe

Nanging apa bener dheweke kudu disiya-siya
dipateni, dibuwang kaya bathang tikus
ilang paedahe ing alam donya?

Ketemu kemadu ing perenge gunung Prau
kanthi prasaja takbisiki, dudu salahmu utawa salahku
uripmu dianggep memala jalaran menungsa
suthik sinau ngupadi jlentrehe wisa
kang sumimpen ing gegodhongan
ngancani urip wiwit dhek semana